

## Èske mwen kapab pwoteje tèt mwen pou mwen pa gen HPV?

Gen yon vaksen ki disponib pou pwoteje gason ak fanm pou yo pa gen kalite HPV ki pi grav yo. Vaksen yo rekòmande pou moun ki gen laj 11-26 ane.

- Pou fanm yo: Yo rekòmande vaksen an pou ti fi ki gen laj 11 oswa 12 zan, men yo kapab bay fanm vaksen an jouk nan laj 26 zan si yo pat pran okenn oswa tout dòz yo lè yo te pi jèn.
- Pou gason yo: Yo rekòmande vaksen an pou ti gason ki gen laj 11 oswa 12 zan, men yo kapab bay gason yo vaksen an jouk nan laj 21 ane si yo pat pran okenn oswa tout dòz yo lè yo te pi jèn. Yo rekòmande vaksen an tou pou gason ki gen jouk nan laj 26 zan ki fè sèks avèk gason oswa ki gen yon sistèm defans ki fèb.

Li rekòmande pou timoun ki gen 11-14 ane resevwa 2 dòz vaksen kont HPV bay omwen 6 mwa apa. Sepandan, si adolesan 14 ane oswa pi piti te resevwa 2 dòz vaksen kont HPV mwens pase 5 mwa apa, yo pral bezwen yo ka resevwa yon twazyèm dòz. Pou jèn ak jenn adilt ki kòmanse seri yo pita nan laj 15-26 yo, yo pral bezwen 3 dòz vaksen HPV. Twa dòz yo tou rekòmande pou moun ki gen sistèm iminitè febli laj 11-26 ane.

## Èske mwen kapab fè plis pou pwoteje tèt mwen pou mwen pa gen HPV?

Sèl fason ki 100% efikas pou pa gen HPV se pa fè sèks. Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou konsènan vaksen kont HPV pou pran si ou gen laj ant 11 a 26 zan pou ka pwoteje tèt ou.

Limite risk pou pran HPV oswa yon lòt STI nan pran mezi sa a yo :

- Toujou sèvi ak yon kapòt latèks oswa poliyuretàn oswa baryè (dig dantè) lè ou ap fè sèks nan anis, vajen ak/oswa nan bouch.
  - Kapòt ki fèt avèk materyèl “natirèl” yo ka pwoteje ou kont gwosès men PA kont STI yo.
- Redui kantite patnè ou yo si ou chwazi pou fè sèks
- Pale avèk patnè ou sou kote li kanpe nan zafè STI epi pou li fè tès
- Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou konsènan pratik sèks avèk plis pwoteksyon epi fè tès
- Konprann si ou fè sèks pandan ou anba dwòg ak/oswa alkòl, sa kapab ogmante chans pou fè sèks san pwoteksyon

### Ou pa kapab pran HPV nan:

- Bay akolad
- Bay moun lamèn
- Pataje manje oswa itilize menm asyèt

Pou plis enfòmasyon, ale sou sitwèb:

<http://www.bphc.org/whatwedo/sexual-health>  
oswa <http://www.cdc.gov/std>

# HPV



Boston Public Health Commission  
Infectious Disease Bureau  
1010 Massachusetts Avenue  
Boston, MA 02118  
[www.bphc.org](http://www.bphc.org)  
617-534-5611

Haitian Creole

## Kisa HPV ye?

Papilomavirus Imen (Human Papillomavirus, HPV) se yon Enfeksyon Moun Pran nan Fè Sèks (Sexually Transmitted Infection, STI) yon viris bay. Gen plis pase 40 kalite viris HPV ki kapab enfekte pati jenital gason ak fanm. Enfeksyon HPV kapab lakòz anpil pwoblèm, tankou kansè nan matris.

## Kijan HPV simaye?

HPV simaye lè yon moun fè sèks nan vajen, anis, oswa nan bouch avèk yon moun ki enfekte. Yon moun ki enfekte avèk HPV kapab transmèt maladi a menm si li pa gen sentòm yo. Li posib pou gen plis pase yon kalite HPV. HPV kapab transmèt tou de manman a pitit pandan akouchman, men se yon ka ki ra anpil.

## Kimoun ki kapab gen HPV?

Nenpòt moun ki aktif nan fè sèks kapab gen HPV. Fè sèks san pwoteksyon (sèks san kapòt), ogmante chans ou pou gen HPV. HPV tèlman komen, sa fè prèske tout gason ak fanm ki aktif nan fè sèks ap genyen li nan nenpòt lè nan lavi yo.



## Kisa sentòm HPV yo ye?

Anpil moun ki gen HPV pa gen sentòm yo. Pou sa a yo ki gen sentòm yo, sa ki pi komen yo se:

### • Boul di nan pati jenital:

- Yon ti boul oswa kèk gwoup ti boul
- Avèk kèk kalite HPV, boul yo kapab parèt nan kèk semèn oswa mwa apre kontak seksyèl avèk yon patnè ki enfekte

Enfeksyon HPV kapab lakòz kansè tankou:

### • Kansè nan matris

- Pa gen sentòm jouk lè kansè a avanse. Pi bon fason pou konnen si ou a risk se pou fè tès pou kansè nan kòl matris regilyèman
- Lèt kansè ki gen pou wè ak HPV:
  - Gen ladan yo kansè nan vajen, penis, anis, oswa gòj

Enfeksyon HPV ki dire anpil tan kapab lakòz tou:

### • Papilomatoz Respiratwa ki Rechite (Recurrent Respiratory Papillomatosis, RRP)

- Kapab bloke gòjèt la oswa fè li difisil pou respire
- Kapab afekte kòd vokal yo

## Èske HPV kapab trete?

HPV pa kapab trete. Men, moun ka jwenn tretman pou maladi yo HPV kapab bay tankou boul di nan pati jenital, kansè nan matris, lèt kansè ki gen pou wè ak HPV, oswa RRP.

## Konbyen tan yon moun ki enfekte kapab simaye HPV?

Lè yon moun enfekte avèk HPV, li kapab kontinye simaye HPV ba lòt moun pandan kontak seksyèl. Li enpòtan pou konnen ke yon moun kapab simaye HPV ba lòt moun menm si li pa gen sentòm yo.

## Kijan mwen kapab konnen si mwen gen HPV?

Li konseye pou tout fanm yo fè tès kansè kòl matris regilyèman. Kontakte pwofesyonèl swen sante ou pou konnen konbyen fwa ou bezwen teste.

Gason ak fanm ki gen sentòm enfeksyon posib HPV tankou boul nan pati jenital ta dwe wè yon pwofesyonèl swen sante.

## Ki kote mwen kapab teste?

Pifò pwofesyonèl swen sante yo ofri tès pou HPV ak lòt STI yo. Kontakte pwofesyonèl swen sante ou pou fè tès la. Si ou bezwen yon pwofesyonèl swen sante, rele Liy Sante Majistra a nan nimewo **617-534-5050**.